

MAINE PAID FAMILY & MEDICAL LEAVE



Kesyon yo Poze Souvan (Frequently Asked Questions, FAQ) sou Konje Familyal ak Maladi Peye (Paid Family and Medical Leave, PFML) pou Anplwayè yo

Remak: Kesyon Yo Poze Souvan sa yo (Frequently Asked Questions, FAQ) fèt pou ede anplwayè yo ak anplwaye yo pou yo pi byen konprann dwa yo ak responsablite yo epi familiarize ak Lwa Maine sou Konje Familyal ak Maladi Peye a. Dokiman sa a bay enstriksyon men li pa ranplase otorite Lwa owa Règleman pwogram nan. Enfòmasyon ki nan gid sa a ka chanje. Ale sou <https://www.maine.gov/paidleave/> pou w ka jwenn tout dènye enfòmasyon yo.

Ide jeneral sou lwa sou Konje Familyal ak Maladi Peye:

1. Ki sa Pwogram Konje Familyal ak Maladi Peye a ye (PFML Pwogram)?

Lalwa PFML nan Maine prevwa jiska 12 semèn konje familyal, konje maladi pou n fè fas avèk chanjman yon manm fanmi an ki militè ki annatan pou l retounen lakay oswa ret an sekirite aprè yon zak abi oswa vyolans. Yo te kòmanse aplike lwa sa a an oktòb 2023, y ap mete sou pye eleman prensipal lwa a an 2025 ak 2026. Ministè Travay nan Maine (Maine Department of Labor, MDOL) reponsab pou mete nouvo pwogram sa a sou pye.

Kontribisyon:

2. Apati 1ye janvyè 2025, ki kote kontribisyon yo ap soti? Eske se anplwaye a, anplwayè a oswa toule de k ap peye kontribisyon an?

Ni patwon ni anplwaye, toulede ap kontribye nan Fon PFML la. Yo met tout fon yo ansanm pou yo peye pou demann k ap fèt alavni ak lòt depans administratif. Y ap kòmanse fè prelevman nan salè anplwaye a pou pwogram Konje Familyal ak Maladi Peye a avèk dat pèman apati 1ye janvyè 2025 epi y ap voye l nan Fon pou Konje Familyal ak Maladi Peye nan Maine. ("PFML Fund").

Si yo pa bay prestasyon yo anvan 2026, poukisa yo pran kontribisyon yo an 2025?

Malgre yo prevwa pou avantaj yo kòmanse 1ye me 2026, kontribisyon nan salè yo ap kòmanse an 2025 pou yo vèsman fon ki sifizan pou peye sèvis ak operasyon pwogram nan.

4. Ki pousantaj kontribisyon an pou Konje Familyal ak Maladi Peye a?

Pou ane fiskal 2025-2027 la, to kontribisyon yo fikse pou anplwayè yo ak anplwaye se 0.5 oswa 1 pousan sale yo parapo ak kapasite anplwaye a. Anplwaye a pa ka bay plis pase 0.5 pousan. Patwon ki gen 15 anplwaye oswa plis ap kontribye 1 pousan nan salè yo, epi y ap ka pran jiska

mwatye kontribisyon an nan salè anplwaye yo. Patwon ki gen mwens pase 15 anplwaye ap bay 0.5 pousan nan salè yo, epi yo ka pran tout montan an nan salè anplwaye yo.

5. Ki jan yo defini salè a nan kad pwogram nan?

Salè gen ladan l tout fòm pèman pou pèsonèl sèvis tankou salè nòminal, tep, komisyon, bonis ak pèman revokasyon. Li pa kouvri pèman yo fè pou travayè endepandan.

Konsenan pewol ak prim, yo kalkile salè a menm jan ak salè Chomaj la Maine nan, men li aplikab pou plis anplwaye, an jeneral, ki pa nan peye taks kontribisyon asirans chomaj nan Maine. Tout salè yo resevwa nan Maine yo ta dwe deklare nan rapò sou salè a epi yo pral kalkile montan prim nan pou ekskli montan ki depase limit debaz anyèl ki defini pa Administrasyon Sekirite Sosyal Etazini an.

6. Kòman yo defini kote Salè moun fè nan Maine nan soti?

Pwogram PFML la ap itilize menm kritè lokalite lwa chomaj Maine nan. Anjeneral, si yon anplwayè afilye ak Asirans Chomaj (Unemployment Insurance, UI) mete yon anplwaye nan yon rapò UI nan Maine ki baze sou lokalite UI a, anplwaye sa a tou afilye ak PFML nan Maine. Si yon anplwayè mete yon anplwaye nan yon rapò UI nan yon lot eta sou baz lokalite UI a, PFML ap konsidere travay anplwaye sa a lokalize nan menm eta a pou reponn ak objektif PFML. Sepandan, lè yon anplwayè oswa yon tip anplwaye pa soumèt anba lwa sou chomaj nan Maine oswa yon lòt eta, men ki afilye ak PFML nan Maine, epi yo dwe defini lokalite a. Yo ka idantifye yon travayè ki gen yon salè nan Maine pa mwayen yon tè ki gen kat kritè seleksyon ki aplikab pou anplwaye a:

Kat faktè nou konsidere nan lòd, kalkile kit travay la deklare kit la pa deklare nan Maine:

- **Kote Travay la Fèt la:** Si anplwaye a fè tout travay li nan Maine oswa si travay la fèt andeyò Maine yon lè konsa (pandan yon tan oswa yon ti travay), se lwa Maine nan k ap aplike. Si sa pa aplikab, pase nan lòt faktè a.
- **Baz Operasyon yo:** Si anplwaye a travay nan Maine ak nan lòt eta, si baz operasyon yo se nan Maine, se lwa Maine k ap aplike. Baz operasyon an se prensipal kote anplwaye a kòmanse travay epi li retounen regilyèman. Si sa pa aplikab, pase nan lòt faktè a.
- **Kote yo Fè oswa Kontwole Sèvis la:** Si anplwaye a fè yon pati nan travay la nan Maine epi yo fè oswa kontwole sèvis la nan Maine, se lwa Maine k ap aplike. Sa gen rapò ak yon otorite jeneral olye de yon sipèvizyon dirèk. Si sa pa aplikab, pase nan lòt faktè a.
- **Kote yo Rete:** Si youn nan kritè ki pi wo pa aplikab, epi anplwaye a fè travay la nan Maine ak lòt eta, epi li rete nan Maine, se lwa Maine k ap aplike. Si youn nan kritè ki pi wo yo pa aplikab, yo pa bezwen deklare travay la nan Maine.

7. Kiyès ki responsab vèsman kontribisyon Fon PFML la?

Anplwayè yo responsab pou yo bay kontribisyon Fon PFML la sou sit entènèt Konje Peye nan Maine nan.

8. Èske salè PFML yo se salè bwit?

Menm jan ak definisyon Salè Asirans Chomaj Eta a, sale PFML la pa salè bwit, men “salè total moun nan”. Salè total moun nan se salè global ki pa gen tout tip pèman yo retire jan lwa Asirans Chomaj Eta a ak Lwa Federal sou Revni sou Chomaj la fè konn sa. Gen plis enfòmasyon sou pèman yo retire ki disponib nan Piblikasyon 15 IRS la Sikilè E: [Piblikasyon 15 2005](#).

9. Èske yo kalkile salè yo pou pwogram PFML la anvan oswa aprè taks?

Yo kalkile *prim* sou salè total la, anvan yo fè prelevman sou enpo sou revni federal la, enpo sou revni eta a, Sekirite Sosyal la ak Medicare a.

10. Èske yo pran taks Prim Asirans PFML yo?

Kesyon pou n konnen si yo pran taks sou prim asirans PFML yo depann de oryasyon ak pwosesis Sèvis Revni Federal la. IRS pibliye rekòmandasyon ofisyèl sou kesyon ki gen rapò ak taks yo ka wè la a: [RR-25-04](#).

11. Kòman prim asirans PFML la afekte taks yo pran sou anplwaye a?

Prim asirans PFML la pa redui salè yo konsidere pou lòt program sou taks federal ak eta a. Yo pran prim asiran PFML sou salè anplwaye a apre yo fin retire taks federal la ak eta a.

Si yon anplwayè pran desizyon pou l kouvri pati pa anplwaye a nan prim asirans PFML la, kontribisyon anplwayè ap gen yon pèman anplis, epi l ap antre nan revni global federal anplwaye a menm jan ak salè a.

Anplwaye yo ka gen dwa pou yo retire prim asirans PFML kòm yon taks sou revni eta a si yo detaye sa yo retire a nan deklarasyon taks sou revni federal yo. Gade [RR-25-04](#) pou plis enfòmasyon sou sijè sa a.

12. Kòman prim asirans PFML la afekte taks anplwayè a?

Anplwayè yo ka retire pati anplwayè yo nan prim asirans PFML la kòm yon taks espesyal.

Si anplwayè a chwazi peye pati prim asirans PFML anplwaye a, yo ka retire l kom yon depans kòmèsyal òdinè e ki nesesè.

Gade [RR-25-04](#) pou plis enfòmasyon.

13. Ki sa yo dwe mete nan Kazye 14 fòmilè W-2 pou kontribisyon anplwayè yo?

Yo dwe mete kontribisyon prim asirans anplwaye a anba Kazye 14 fòmilè W-2 avèk referans “MEPFML”.

Si anplwayè a peye kontribisyon pa anplwaye a, yo dwe konte sa kòm sale sou fòmilè W-2 anplwaye a.

14. Èske yo voye pèman andikap anplwayè a esponsòrizasyon a ak pèman maladi yon lòt pati bay nan prim asirans PFML Maine nan?

Annakò ak definisyon salè Asirans Chomaj Eta a PFML konsidere tou, yo konsidere pèman andikap anplwayè a esponsòrizasyon a ak pèman maladi yon lòt eleman bay (pèman andikap pou yon tan ki kout ajan yon anplwayè bay, jeneralman, yon konpayi asirans) kòm yon salè jiskaskè “*nou rive nan fen 6 mwa ki vin aprè dènye mwa anplwaye a te travay pou anplwayè sa*” epi yo bay li nan prim asirans PFML la.

Si se yon lòt eleman ki fè pèman sa yo, anplwayè a dwe pale ak ajan l pou l kontwòl salè sa yo. Si anplwaye a jwenn yon salè ki pa ase nan men anplwayè a pandan konje sa a pou l kouvri prim asirans sa yo, anplwayè a ka retire prim asirans anplwaye a dwe yo pi ta annakò ak Seksyon X (L) règleman PFML la, epi kontwòl salè sa yo nan trimès rediksyon sa yo te fèt la.

15. Èske yo pran taks sou prestasyon PFML yo?

Tanpri, note sa: Nan dat 19 desanm 2025, Administrasyon Fiskal la (Internal Revenue Service, IRS) te bay yon pwolonjman pou kèk egzijans sou taks sou prestasyon PFML yo konsènan tretman prestasyon konje maladi kòm salè: [Pwolongasyon Peryòd Tranzisyon an pou Ane Fiskal 2026 pou Kèk Egzijans nan Desizyon Fiskal 2025-4](#). Pou ane fiskal 2026 la, Maine PFML deklare pati y ap pran taks sou li nan prestasyon konje maladi a kòm revni epi y ap bay anplwaye a Fòm 1099-G. Anplwaye a ap gen opsyon pou l kenbe taks sou revni eta ak federal, men yo p ap pran okenn prestasyon PFML kòm taks pou Sekirite Sosyal ak Medicare pandan ane 2026 la. Apati ane fiskal 2027 la, y ap konsidere pati y ap pran taks nan prestasyon konje maladi a kòm yon salè epi y ap fè konn sa nan Fòmilè W-2 y ap bay anplwaye a, jan yo fè konn sa pi wo a. Apati ane 2027, y ap pran taks pou Sekirite Sosyal ak Medicare sou pati y ap pran taks sou li nan prestasyon PFML pou konje maladi a. W ap jwenn rekòmandasyon nou fè pou ane fiskal 2027 la sou tretman prestasyon PFML yo pi ba a:

Pafwa, yo konn prann taks sou prestasyon PFML yo, e pafwa, yo pa pran. Sèvis Revni Entèn nan (Internal Revenue Service, IRS) se pi bon sous enfòmasyon sou kesyon taks. Yo pibliye dokiman ofisyèl sou kesyon sa a. Ou ka wè sa la: [Règleman Revize IRS 2025-4](#). Tablo 2 nan paj 29 bay yon bon rezime, ansanm ak enfòmasyon ki anba a.

Y ap konsidere prestasyon yo peye pou baz demann konje famiyal yo kòm revni epi y ap pran taks sou li, men yo p ap konsidere l kòm yon salè. Sa a sanble ak fason yo trete prestasyon chomaj yo. Ou ka chwazi pou yo pran taks sou prestasyon revni eta ak federal la. W ap resevwa yon fòmilè 1099-G nan fen ane a pou w ranpli deklarasyon enpo sou revni w lan. Yo trete prestasyon yo peye sou baz konje maladi yon fason diferan selon moun ki mande pou yo peye prim asirans lan: anplwaye a oswa anplwayè a.

- Lè anplwaye yo peye tout prim asirans yo, yo p ap pran taks sou prestasyon konje maladi yo. Nan Maine, anplwayè ki gen pi piti pase 15 anplwaye p ap peye pati pa yo a nan prim asirans lan, kidonk, anplwaye a ap peye tout prim asirans lan.

- Lè anplwaye a peye yon pati nan prim asirans lan, se sèlman sou pati ki koresponn ak kontribisyon an yo p ap pran taks. Y ap konsidere pati kontribisyon anplwayè a kòm yon salè yo ka pran taks sou li.
- Menm si yon anplwayè peye volontèman yon pati nan prim asirans ki pataje ak anplwaye a, règ sou taks la ap toujou rete menm tankou sa lalwa prevwa nan pataj responsablite yo.

Nan kad jeneral, sa vle di si w pran yon konje nan men yon anplwayè ki gen pi piti pase 15 anplwaye (kote lalwa prevwa pou anplwaye a peye tout prim asirans yo), yo p ap pran taks sou okenn nan prestasyon konje maladi w yo. Si w pran yon konje nan men yon anplwayè ki gen 15 anplwaye oswa plis (kote lalwa prevwa pou ni anplwaye a ni anplwayè ap peye mwaye nan prim asirans lan), y ap konsidere mwaye nan prestasyon konje maladi w yo kòm yon salè yo ka pran taks sou li. Y ap pran taks sou salè pou Sekirite Sosyal ak Medicare nan pati ka pran taks sou la nan prestasyon konje maladi a. Epitou, ou ka chwazi retire volontèman enpo sou revni eta a ak federal la. W ap resevwa yon Fòmilè W-2 pou pati taks pa w la pou lè w ap ranpli deklarasyon enpo sou revni w lan.

16. Kiyès ki responsab pou peye anplwayè taks sou salè pou pati y ap pran taks nan prestasyon PFML yo?

Pou pati prestasyon konje maladi yo ka pran taks sou salè a, Depatman an ap pran responsablite pou l kalkile epi peye kontribisyon taks sou salè anplwayè a. Administratè a ap peye taks sou salè yo epi bay anplwaye a Fòmilè W-2 yo, selon sa ki nesès, nan non Depatman an. Apati ane fiskal 2027, Depatman an ap pran responsablite sa a ak depans ki asosye yo pandan premye faz pwogram nan pou diminye konplikasyon nan tretman prestasyon taks la. Depatman an rekonèk anplwayè yo ap deja konfòme yo ak egzijans konsènan taks sou salè a pou pwogram enkapasite akoutèm epi li pran desizyon pou l adopte yon pwosesis ki konparab ak prestasyon PFML yo alavni.

17. Ki sanksyon yo prevwa pou yon anplwayè si l pa bay kontribisyon an oswa li pa voye rapò sou salè a ale atan?

Sanksyon pou yon anplwayè ki pa rive peye kontribisyon ak/oswa soumèt rapò sou salè yo se 1 pousan nan peman total chak trimès anplwayè a. Y ap aplike sanksyon sa a si anplwayè a pa peye tout oswa yon pati nan kontribisyon li dwe Depatman an chak trimès. Anplwayè a pral resevwa yon notifikasyon si yo pa rive peye kontribisyon yo oswa soumèt yon rapò sou salè epi pral genyen yon peryòd tan pou korije pwoblèm nan anvan yo bay sanksyon an. Si yon anplwayè dekouvri ke li dwe modifiye yon rapò sou salè apre dat limit la pou fè koreksyon, yo pral resevwa yon espas tan pou bay nouvo obligasyon prim nan anvan yo bay sanksyon an.

18. Mwen se yon anplwaye endepandan, èske m kalifye?

Anplwaye endepandan yo elijib pou Konje Familyal ak Maladi Peye, men li dwe chwazi gen yon asirans. Pou ane fiskal 2025-2027 la, yo fikse tarif prelevman an a 0.5 pousan revni endividyèl anplwaye endepandan an. Travayè endepandan yo ka chwazi kouvèti atravè pòtay Konje Peye Maine nan.

19. Mwen se yon travayè endepandan men resevwa yon salè antanke yon anplwaye nan antrepriz la, Èske lwa a otomatikman kouvri m?

Salè ke yon travayè endepandan fè antanke yon anplwaye nan antrepriz yo a tonbe anba prim epi dwe enkli nan rapò sou salè a. Pa egzanp – salè ki rezonab ke yon travayè endepandan resevwa antanke yon anplwaye nan biznis S-Corp yo a tonbe anba prim epi dwe enkli nan rapò sou salè a

20. Ki jan lwa sa a afekte Gouvènman Tribal yo?

Gouvènman tribal yo genyen opsyon nan lwa a pou chwazi kouvèti pou anplwaye yo si yo swete sa. Gouvènman tribal yo ka enskri antanke yon anplwayè atravè pòtay Konje Peye Maine nan pou chwazi kouvèti sa a.

Kontra Negosyasyon Travay:

21. Kòman yo fè lalwa PFML aplike akò negosyasyon travay pou sektè piblik la?

Anplwayè leta ak tout anplwaye ki nan yon akò negosyasyon travay yo te kòmanse aplike 25 oktòb 2023 pa bezwen patisipe jiskaske akò negosyasyon travay la ekspire. Okenn nan pati yo p ap bay pwogram Konje Familyal ak Maladi Peye a kontribisyon anvan akò negosyasyon kolektif sa a, epi moun yo pa kalifye pou prestasyon an anvan akò negosyasyon travay la ekspire oswa me 2026, selon dat ki pi lwen an. MDOL ap itilize dat final ki nan kontra negosyasyon travay ki aplikab la, kèlkeswa dat yo ratifye kontra negosyasyon travay sa a.

22. Ki sa k ap pase si toulede pati nan yon sektè piblik nan yon akò negosyasyon travay dakò kontribye anvan akò a ekspire?

Anplwayè leta yo ak anplwaye ki dakò nan kad lwa sou negosyasyon an ak pwosesis negosyasyon piblik ki aplikab la, pou yo kontribye nan pwogram Konje Familyal ak Maladi Peye a anvan akò negosyasyon travay yo te kòmanse aplike 25 oktob 2023 a ekspire ka fè sa. Y ap kòmanse fè prelevman yo nan premye dat yo peye a apre yo te fin ratifye yo akò oswa premye dat yo peye nan janvyè 2025 lan, y ap konsidere dat ki pi lwen an.

23. Kòman yo aplike sa pou anplwaye sektè piblik ki pa nan yon akò negosyasyon travay?

Konje Familyal ak Maladi Peye a ap aplike pou tout anplwaye sektè piblik ki pa t nan yon kontra negosyasyon travay nan 25 oktòb 2023. Epitou, an jeneral, pwogram nan kouvri tout anplwaye sektè piblik ki pa nan yon kontra negosyasyon travay menm jan li kouvri anplwaye sektè prive yo.

24. Èske yo mete anplwaye yo retire anba lwa a akòz yon akò negosyasyon travay piblik nan lis deklarasyon salè pi wo a?

Anplwaye ki egzante de lwa a paske yo tonbe anba yon akò kolektif piblik yo pa ta dwe enkli nan rapò sou salè a jiska dat fen kontra negosyasyon travay la.

25. Kòman lwa PFML pou akò negosyasyon travay la aplike pou sektè prive a?

Liberasyon anba atik 850-B (10)(D) ki etabli a pa aplike pou kontra negosyasyon travay sektè prive a.

Sit Konje Peye Maine Nan:

26. Ki kote anplwaye yo ka voye prim asirans yo ak rapò salè yo?

Anplwaye yo ka depoze rapò prim asirans ak salè yo sou **Sit Konje Peye nan Maine nan k ap disponib nan kòmansman 2025**. Y ap mande tout anplwaye pou yo enskri nan Ministè a sou sit sa a pou yo gade si yo kalifye pou kontribisyon PFML la, epi chwazi yon sosyete jesyon pèman oswa sosyete finasman pèsonèl la si yo swete sa. Tout anplwaye ki responab epi ki aktif dwe kreye yon kont sou sit la pou yo ka depoze rapò salè yo chak trimès elektwonikman epi fè peman kontribisyon.

27. Nan ki frekans anplwaye yo dwe voye prim asirans yo ak rapò salè yo ale nan kad Pwogram PFML la?

Anplwaye yo dwe voye montan prim asirans yo a ak rapò kontribisyon yo **chak twa mwa** epi pou pi ta, anvan dènye jou nan mwa a selon lè chak trimès fini. Yo konsidere pèman yo ak rapò yo atan si yo resevwa l elektwonikman anvan dat limit lan. Si dat limit lan tonbe yon jou samdi, dimanch oswa yon jou konje, dat limit lan ap avanse pou jou travay k ap vin aprè a. Anplwaye yo ka bay yon sosyete jesyon pèsonèl oswa yon lòt administratè otorize pèman yo a ak rapò yo a.

28. Èske sa ap posib pou yo voye fichye ki lou ale sou platfòm nan?

Lòt administratè yo ka voye rapò salè ki lou nan fòm ki apwopriye ak fichye a. Anplwaye yo ka telechaje yon fichye eksèl anplwaye yo ak enfòmasyon sou salè yo nan rapò chak trimès yo. Yo dwe suiv yon modèl Depatman an bay.

Definisyon Anplwaye ki gen Kouvèti ak Responsablite a nan kad Prim Asirans:

29. Ki anplwaye ki gen kouvèti?

Yon “anplwaye ki gen kouvèti” se yon anplwaye ki gen yon salè nan Maine. Sepandan, salè yo pa gen rapò ak salè yon travay federal, yon èd finansye federal nan kad yon pwogram etid, nan peryod anprizonman an, avèk kèk volonte jan yo presize sa nan règ yo pwopoze a oswa avèk yon anplwaye ki anba Lwa sou Asirans Chomaj Wout Tren (Railroad Unemployment Insurance Act). Travayè endepandan yo ka chwazi gen kouvèti, nan ka sa a, yo dwe deklare salè yo genyen epi bay kontribisyon an pou yo ka konsidere gen kouvèti.

30. Pou fikse kontribisyon anplwayè yo gen pou yo peye a, kòman w kalkile kantite anplwaye yo?

Pou yo detèmine obligasyon prim asirans lan, nenpòt anplwayè ki gen 15 anplwaye oswa plis ki gen kouvèti asirans selon Nimewo Idantifikasyon Federal Anplwayè a (Federal Employer Identification Number, FEIN) sou lis pewòl yo fikse pou li a pandan 20 semèn travay oswa plis nan peryòd 12 mwa anvan 30 septanm chak ane, y ap konsidere l kòm yon anplwayè ki gen 15 anplwaye oswa plis ki gen kouvèti asirans pou ane k ap vini an. Kalkil sa a gen ladan l tout moun ki nan lis pèman ki an vigè kit se anplwayè aplentan oswa amitan ki resevwa pèman pandan yon moman nan peryòd yo t ap fè pèman an.

Anplwaye tanporè ak anplwaye ki travay yon lè konsa ladan l, menm jan an tou travayè ki nan konje maladi peye, konje peye oswa ki travay sèman yon ti moman nan peryòd pèman an. 1ye oktòb 2014 ak 1ye oktòb chak ane, anplwayè a dwe kalkile kantite moun li genyen pou l ka fikse kontribisyon l ap bay pou ane 2025 lan epi chak ane k ap vini. Y ap deklare kalkil anplwayè sa a fè a depi nan premye enskripsyon sou sit entènèt Konje Peye nan Maine nan, epi, pandan twazyèm Trimès chak ane.

31. Èske anplwaye yo nan kalkil anplwayè yo epi nan deklarasyon salè a menm si yo pa gen ase pou yo kalifye pou yo fè prè?

Pou rezon kantite efektiv anplwayè a, rapò sou salè, ak responsablite prim asirans, anplwaye ki resevwa nenpòt salè nan Maine yo dwe enkli yo. Konsa, anplwaye a genyen opòtinite pou resevwa salè debaz ki nesèsè pou elijib pou avantaj nan plizyè travay epi atravè chanjman nan travay la pandan tout ane avantaj la. Kalifikasyon avantaj yo pou reponn ak limit salè a detèmine lè yon anplwaye yo kouvri aplike pou avantaj yo.

Plan Prive yo:

32. Mwen se yon patwon ki gen yon règleman kounye a ki pèmèt yo peye konje (PTO), konje maladi epi/oswa yon asirans lè yon moun pa ka travay pandan yon ti tan. Èske yo ka konsidere règleman konje m nan kòm yon plan ki esansyèlman koresponn ak Lwa Maine nan sou Konje Familyal ak Maladi Peye (Paid Family and Medical Leave, PFML)?

Atik 850-H, paragaf 2, fè konnen pou yo apwouve yon plan prive kòm yon plan ki esansyèlman koresponn pami lòt egzijans y ap prezante nan règleman an, plan an dwe yon plan ki finanse pwop tèt li ki mande pou Eta a peye yon pati, oswa yon plan ki totalman finanse ki nan yon konpayi asirans. Règleman yon konje poukont li pa reponn ak egzijans sa yo. Detay siplemantè konsènan pwosesis la ak egzijans pou plan prive yo dekri nan règ la.

Tip Plan Prive yo:

33. Ki tip plan yo konsidere kòm yon plan prive ki anba lwa Konje Familyal ak Maladi Peye nan Maine?

Yon plan dwe yon plan ki asire totalman oswa yon plan moun nan asire pwòp tèt li.

34. Ki sa yon plan asirans konplè ye?

Yon plan ki konplètman asire se yon plan asirans ki ofri pa yon founisè asirans ki otorize pou fè biznis nan Eta Maine. Plan an dwe te sètifye kòm konfòm ak egzijans yo selon Lwa ak Règ Maine sou Konje Familyal ak Konje Medikal Peye. Plan asirans ki pa te resevwa sètifikasyon konfòmite ak Lwa ak Règ yo pa elijib pou ranplasman.

35. Ki dokiman yo mande pou ranplasman yon plan asirans konplè?

Plan ki konplètman asire yo pral egziye non konpayi asirans lan, nimewo kouvèti a, ak yon eskanerizasyon kouvèti asirans lan yo bay anplwayè sa a espesyalman. Malgre anplwayè a te dwe bay politik pou yon plan ki sètifye nan moman aplikasyon an, anplwayè a ka chwazi retade kouvèti avantaj la pou demann jiska 1ye me 2026.

36. Ki sa yon plan asirans pèsònèl ye?

Yon plan moun nan asire pwòp tèt li se yon plan asirans yon anplwayè peye dirèkteman pou tèt li olye se yon konpayi asirans ki fè sa.

37. Ki dokiman yo mande pou yon plan asirans pèsònèl?

Anplwayè yo dwe voye sou Sit Konje Peye nan Maine eskanerizasyon dokiman plan yo pwopoze a, aplikasyon plan prive asirans vi a ministè a bay la, ansanm ak eskanerizasyon deklarasyon yon sosyete kredi ki otorize nan fòmilè a ak montan ministè a presize nan dokiman aplikasyon an. Yon responsab oswa yon Mandatè sou baz yon otorizasyon apwopriye dwe siyen kredi a. Si se yon mandatè ki siyen l, yo dwe voye ni kredi a ni otorizasyon an ale sou sit la.

38. Èske yon anplwayè ka rekrute yon lòt antite pou administre ranplasman plan prive asirans pèsònèl li a?

Anplwayè yo ka fè kontra ak yon antite ki gen otorizasyon nan Biwo Asirans Maine nan kòm yon administratè tyès pati ak otorite sante a. Konpayi asirans Biwo Asirans Maine nan otorize epi ki gen otorite nan zafè sante ka asire jesyon demann yo pou ranplasman yon plan prive yon anplwayè kote moun asire pwòp tèt yo a. Lòt pati ki fè yon demann bò kote administratè ki gen yon lisans ki soti nan Biwo Asirans lan pa dwe enskri sou Sit Kontribisyon Konje Maladi Peye nan Maine nan.

39. Èske yo otorize kouvèti an gwoup pou plan ki konplètman asire yo? Èske yo otorize kontra an gwoup ki regwoupe pou plan asirans vi?

Kouvèti an gwoup yo oswa kontra yo ka gen ka ranplase yon plan prive. Pou kouvèti asirans konplè, anplwayè a dwe enskri kòm moun ki pran plan an. Pou kouvèti asirans vi yo, anplwayè endividyèl la responsab fonksyònman plan an, menm si l konfye plan an bay yon lòt administratè avantaj, epi anplwayè endividyèl la responsab vèsman nan Eta a.

Pwosesis ak Revizyon Aplikasyon an:

40. Ki lè e kòman anplwayè yo ka aplike pou ranplasman yon plan prive?

Aplikasyon yo kapab soumèt apre 1 Avril 2025. Aplikasyon yo dwe soumèt sou entènèt atravè Pòtay Konje Peye Maine nan, ke piblikasyon l prevwa nan kòmansman 2025.

41. Konbyen demann ranplasman yon plan asirans prive koute?

Genyen yon frè aplikasyon \$250 pou revizyon ki non-ranbousab keseswa yo apwouve oswa refize aplikasyon an. Genyen yon lòt frè ranbousman administratif ki se \$250 si li apwouve. Frè yo kapab ogmante.

42. Pou konbyen tan ranplasman yon plan prive yo apwouve valid?

Yon ranplasman ki apwouve valid pou twazan.

43. Kiyès k ap responsab pou egzamine demann yo?

Depatman an pral responsab pou revize aplikasyon plan prive yo.

44. Ki lè y ap kòmanse aplike ranplasman an lè yo apwouve yon demann?

Y ap kòmanse retire obligasyon pou yo bay prim asirans yo nan premye jou nan trimès yo apwouve ranplasman an, eksepte si yo depoze demann ranplasman an nan mwens pase 30 jou anvan fen yon trimès, nan ka sa a, y ap kòmanse retire prim asirans nan premye jou nan trimès yo fin depoze demann ranplasman an, depi yo apwouve l. Yo dwe voye prim asirans yo dwe yo bay pwogram nan sou Sit Entènèt Konje Peye nan Maine anvan dat y ap retire obligasyon an kòmanse.

Pou w ka wè yon grafik ki esplike lè dechaj la ak rediksyon an kòmanse ak lè yo fini parapò ak tip plan prive a sou baz dat yo sipoze yo, tanpri, klike sou lyen ki pi ba a pou w aprann plis:

[PrivatePlanapprovalanddeductiontimeframesv2.pdf](#)

45. Èske yon anplwayè ka fè apèl konsènan desizyon ranplasman yon plan prive?

Wi, yon anplwayè ka konteste yon refi ranplasman, yon refi pou anilasyon, yon revokasyon, oswa emisyon nenpòt sanksyon pou vyolasyon. Kontestasyon yo dwe fèt nan lespas 15 jou ouvrab apre yo fin resevwa avi konsènan desizyon an.

Egzijans Anplwayè a pou Konfòmite ak Plan Prive a:

46. Èske yo ka anile ranplasman yon plan prive pandan peryòd twa ane a.

Wi, si Depatman an dekouvri w te vyole tèm ak kondisyon yo. Egzanp yon vyolasyon se kapab paske anplwayè a pa rive soumèt rapò chak trimès sou salè a oswa pa rive soumèt rapò sou done yo si anplwayè a ap itilize yon plan ki asire konplètman.

47. Ki sa k ap rive lè gen vyolasyon tèm ak kondisyon yon plan yo apwouve?

Vyolasyon tèm ak kondisyon yo kapab lakoz revokasyon ranplasman an epi anplwayè a pral responsab pou peye prim asirans yo bay Fon PFML la apati premye trimès apre revokasyon an. Anplwayè ki genyen yon ranplasman ki revoke pa ka tounen aplike pou yon nouvo ranplasman pandan twazan apati dat revokasyon an. Si plan anplwayè a se yon plan moun asire pwòp tèt yo, yo ka fè pèman prim asirans ki pa peye gras ak depo garanti yo bay la.

48. Ki egzijans ki genyen nan bay rapò pandan peryòd ranplasman yo apwouve a?

Anplwayè yo dwe kontinye soumèt rapò sou salè yo chak trimès atravè Pòtay Konje Peye Maine. Responsablite prim asirans nan pral zewo nan rapò sa yo pandan peryòd ranplasman an. Pou plan prive ki kòmanse bay prestasyon 1ye me 2026, anplwayè yo dwe voye yon rapò anyèl sou done yo tou sou Sit Konje Peye Maine nan anvan 31 jiyè 2027, epi chak ane k ap vini, y ap prezante kritè pèfòmans plan prive a. Si yo pa rive soumèt rapò ki obligatwa yo sa kapab lakoz revokasyon yon plan ranplasman prive.

Anplwayè yo dwe kontakte konpayi asirans yo a oswa administratè reklamasyon lòt moun yo pou yo konfime si yo responsab pou yo depoze deklarasyon anyèl sou rapò done yo nan non anplwayè a.

49. Ki kantite yo ka retire nan peman yon anplwaye pou peye pou yon kouvèti ranplasman plan prive ki apwouve?

Anplwayè a fè rediksyon rive jis nan sa anplwaye a ta oblije peye pou plan Eta a pou ede peye pou yon kouvèti ranplasman plan prive yon fwa yo te apwouve l. Sa a se yon maksimòm .5% nan salè anplwaye yo jiska omwen 2028.

50. Èske m ka retire plis pase .5% nan salè a si plan asirans prive a koute plis pase 1% salè total la?

Non – montan maksimòm yon anplwaye ka kontribye nan kouvèti plan asirans prive ki apwouve a se .5% nan salè a, menm si kouvèti a ta koute plis pase 1% salè total la.

51. Èske m ka retire plis pase .5% nan salè a anplwaye a si plan asirans prive a koute mwens pase 1% salè total la?

Wi – regleman ak règ yo sèlman pou pa chaje anplwaye a plis pase sa yo t ap peye nan plan Eta a, ki se .5% salè a jiska 2028 pou pi ta.

52. Mwen gen otorizasyon pou m ranplase plan asirans prive yo apwouve, men, m voye lè pou prestasyon yo kòmanse a jiska 1ye me 2026, jan règleman yo pèmèt sa. Èske mwen ka kòmanse fè rediksyon sou anplwaye a pou m peye pou avantaj ki posib pou plan prive m nan kote moun nan asire pwòp tèt li?

Wi. Pou w ka wè yon grafik ki esplike lè dechaj la ak rediksyon an kòmanse ak lè yo fini parapò ak tip plan prive a sou baz dat yo sipoze yo, tanpri, klike sou lyen ki pi ba a pou w aprann plis:

[PrivatePlanapprovalanddeductiontimeframesv2.pdf](#)

Renouvèlman ranplasman ki apwouve:

53. Kòman yon anplwayè ka renouvle ranplasman yon plan apwouve?

Anplwayè yo dwe aplike pou renouvèlman an omwen 30 jou anvan dat fen ranplasman ki apwouve li a. Depatman an pral enfòme anplwayè yo atravè Pòtay Konje Peye Maine nan 60 jou anvan dat fen ranplasman ki apwouve pou anplwayè a.

54. Ki sa k ap rive si yon anplwayè pa renouvle ranplasman yon plan prive yo apwouve?

Si yon anplwayè pa aplike pou renouvle ranplasman li an oswa yo refize renouvèlman an, anplwayè a responsab pou peye prim asirans yo nan Fon PFML la apati jou ekspirasyon ranplasman an.

Chanjman ak Eliminasyon Ranplasman Plan Prive yo:

55. Ki sa k ap rive si yon konpayi asirans deside sispann ofri yon plan asirans konplè?

Si yon konpayi asirans deside pou sispann ofri yon plan asirans konplè, konpayi asirans la dwe enfòme Biwo Asirans Maine nan twa mwa alavans epi bay yon avi sis mwa pou anplwayè ki afekte yo anvan non-renouvèlman an.

56. Èske yon anplwayè ka anile yon ranplasman yo apwouve anvan l ekspire?

Anplwayè yo kapab sèlman mande anilasyon si yo ka demontre yon gwo enpak komèsyal negatif dirèk, tankou yon prèv yon ogmantasyon ki pa prevwa epi ki pa rezonab. Si depatman an apwouve yon anilasyon pou anplwayè a retounen nan kouvèti de fon Eta a, anplwayè a pa ka aplike pou yon lòt ranplasman pandan yon peryòd 3 lane. Demann pou anile yon ranplasman ka fèt atravè Pòtay Konje Peye Maine nan.

57. Eske yon anplwayè ka chanje yon plan yo apwouve?

Anplwayè yo dwe fè Depatman an konnen 60 jou alavans pou piti konsènan nenpòt chanjman plan epi yo dwe resevwa yon apwobasyon alekri.

58. Èske yon anplwayè ka chanje yon plan yo apwouve (ant konpayi asirans yo oswa ant plan asirans konplè yo ak plan asirans pèsònèl yo)?

Anplwayè a ka aplike pou yon nouvo ranplasman plan prive atravè Pòtay Konje Peye Maine nan pandan yon peryòd ranplasman. Yo dwe ranbouse frè aplikasyon ak frè administrasyon an epi si li apwouve, peryòd ranplasman 3 lane a pral rekòmanse sou baz nouvo dat apwobasyon an.

59. Èske yon anplwayè ki gen yon plan prive yo apwouve ka mande yon nouvo anplwaye pou l chèche ogmante salè l avèk anplwayè sa a anvan anplwaye a aplike pou prestasyon nan kad plan prive a?

Yon nouvo anplwaye kalifye pou prestasyon konje familyal ak maladi peye nan kad plan prive a apati dat yo anplwaye l la, depi l atenn nivo salè yo mande a avèk revni li te fè anvan sa nan Maine. Yo dwe kalkile montan prestasyon yo ak revni salaryal li te fè anvan sa annakò ak kondisyon kouvèti asirans li pran an oswa tèm dokiman plan prive moun ki asire a; li pa posib pou yo mande pou yon nouvo anplwaye jwenn yon salè nan men anplwayè li gen kounye a anvan l aplike pou prestasyon.

60. Èske yon anplwayè ki gen yon plan prive yo apwouve ka mete sou pye règleman ak pwosedi resouzimèn ki diferan ak kondisyon polis asirans l ap peye a oswa dispozisyon ak kondisyon dosye plan prive moun ki asire a?

Non. Yon plan prive dwe òganize epi yo dwe mete l sou pye plan annakò ak kondisyon polis asirans ki apwouve a oswa dokiman apwouve plan moun ki asire a. Yo pa ka fè okenn chanjman nan dokiman plan an san apwobasyon alavans Depatman an. Si yo aplike kondisyon ki pa t jwenn apwobasyon alavans, sa ka fè yo anile plan prive a.

Akò Negosyasyon Travay ak Plan Prive:

61. Kòman yo aplike lwa PFML nan sektè piblik akò negosyasyon kolektif la (CBA) pou plan prive yo?

An règ jeneral, pou yon plan prive kalifye pou yo ranplase l, li dwe kouvri tout anplwaye òganizasyon an menm jan, kèlkeswa estatè CBA a.

Kesyon Konsènan Avantaj ak Preyavi

Egzijans sou Preyavi:

62. Ki enfòmasyon yo mande anplwayè yo pou yo mete nan preyavi alekri a konsènan Pwogram PFML anplwaye yo?

- Avantaj ki disponib nan kad pwogram nan.
- Dwa anplwaye a pou l pwoteje travay li ak pwolonjman asirans sante.
- Pwosedi pou depoze yon demann.
- Anplwayè yo dwe afiche yon afich nan espas travay la konsènan PFML.

Yo dwe bay avi sa a nan moman anbouhman an.

63. Ki tip preyavi anplwaye yo dwe bay anplwayè yo anvan yo pran konje?

Anplwaye yo dwe bay yon preyavi alekri pou pi piti 30 jou alavans pou konje yo konnen yo dwe pran. Sepandan, nan kèk sikonstans, pou yon konje yo ka prevwa, 30 jou ka pa ase si tip travay y ap fè pou anplwayè a mande yon preyavi ki pi long si konje a ka afekte aktivite anplwayè a.

64. Ki tip preyavi anplwaye yo dwe bay anplwayè yo nan kad konje an ijans?

Nan ka yon ijans, anplwaye a dwe enfòm anplwayè a kou sa posib selon sikonstans yo. Yo dwe bay preyavi a alekri, sa ki ka gen ladan l voye yon imèl oswa mesaj tèks bay anplwayè a. Epitou, yon manm fanmi oswa yon pwofesyonèl sante anplwayè a ka bay preyavi a.

65. Èske travay anplwaye ki an konje yo pwoteje?

Wi, si yon anplwayè te anplwaye yon anplwaye pandan 120 jou youn dèyè lòt pou pi piti, anplwaye a dwe retounen nan pozisyon l oswa yon pozisyon ki ekivalan ak sa l te genyen an lè l sot an konje. Yon anplwaye yo te anplwaye pandan mwens pase 120 jou youn dèyè lòt pa gen dwa ak pwoteksyon travay li pandan li an konje.

66. Ki enfòmasyon yon anplwayè ka mande lè yon anplwayè bay yon preyavi?

- Tip konje (pa egzanp: konje familyal, konje maladi, konje sekirite oswa sitiyasyon konsènan deplwaman militè yon manm fanmi k ap rive).
- Dat ki prevwa pou yo kòmanse ak dire konje.
- Kit konje a ap kontinye, okazyonèl oswa orè redui.

Anplwayè yo pa ka mande dosye medikal oswa enfòmasyon pèsònèl.

67. Ki sa yon anplwayè dwe fè aprè yo fin enfòm l sou demann yon anplwaye?

Administratè a ap voye yon mesaj bay chak antrepriz ki gen travayè ki di yo bezwen pran konje. Sa ap gen ladan l yon fòmilè verifikasyon ki gen enfòmasyon yo ranmase pandan pwosesis resepsyon demann nan. Yon anplwayè ka itilize fòmilè sa a pou l korije oswa klarifye enfòmasyon oswa pou bay nouvo enfòmasyon. Si yon anplwayè panse gen yon rezon pou l rejte demann anplwaye a, li ka itilize fòmilè sa a pou l fè konn sa tou. Yo dwe voye fòmilè verifikasyon an tounen nan espas 10 jou travay. Sinon, Administratè a ap avanse ak enfòmasyon li genyen yo.

Epitou, si yon anplwayè jije konje anplwaye a ap lakoz yon “gwo kontrent (undue hardship)” – yon gwo pwoblèm oswa yon lòt enpak li p ap ka evite nan dèlè preyavi yo bay la – epi li panse li ka voye konje nan yon lè k ap bay mwens pwoblèm, li ka ranpli yon fòmilè Gwo Kontrent (Undue Hardship) pou fè Administratè a konn sa. Epitou, li dwe fè sa nan yon espas 10 jou travay.

Gwo Kontrent:

68. Ki sa yon “gwo kontrent” ye epi èske yon anplwayè ka refize yon konje sou motif sa?

Non, anplwayè yo pa ka refize Konje Familyal Maladi Peye (PFML) ki baze sou gwo kontrent. Sepandan, gwo kontrent se yon faktè anplwayè yo ka konsidere lè y ap kowòdone kalandriye konje anplwaye yo.

69. Ki sa nou ka konsider kòm yon “gwo kontrent”

Yon gwo kontrent vle di yon gwo enpak sou fonksyònman antrepriz la oswa gwo depans nou p ap rive kouvri ak preyavi anplwaye a bay la. Yo evalye l selon resous finansyè anplwaye yo, kantite moun ki nan espas travay la ak tip endistri a.

70. Ki lè yon anplwayè ka sinyale yon gwo kontrent?

Yon anplwayè ka sinyale yon gwo kontrent aprè l fin resevwa preyavi pou yon demann PFML yon anplwaye nan men Administratè a.

Ansuit, Anplwayè a gen 10 jou travay pou l:

- Bay anplwaye a yon espikasyon alekri epi Administratè a ap dekri enpak presi demann konje a sou antrepriz la
- Sa gen ladan l nenpòt lòt orè konje yo pwopoze
- Bay prèv si l kwè orè konje a ap lakoz gwo kontrent.

71. Ki sa k ap pase si anplwaye m nan ansanm avèk mwen dakò orè konje l p ap lakoz yon gwo kontrent?

Si demann konje anplwaye yo fè a p ap anpeche antrepriz ou a fonksyone nan pwèn pou l lakoz yon gwo kontrent, ou ka siyen yon deklasyon ki fè konnen yo ka trete demann anplwaye yo san yo pa bezwen tann 10 jou travay kote ou ta dwe fè konnen enkyetid ou a.

Avantaj Konje:

72. Konbyen konje PFML yon anplwaye ka pran?

Yon anplwaye ka pran jiska 12 semèn konje peye pandan ane prestasyon l lan pou rezon ki valab.

73. Ki sa yon ane prestasyon ye?

Yon ane prestasyon yon anplwaye koresponn a 52 semèn ki kòmanse dimanch anvan konje a kòmanse.

74. Kòman Lwa federal sou Konje Familyal ak Maladi a (Family and Medical Leave Act, FMLA) afekte prestasyon konje yo ak Konje Familyal ak Maladi non peye nan Maine (Maine Family and Medical Leave (Maine FMLA))?

Yo fè PFML Maine nan pou l mache ansanm ak FMLA federal ki pa peye a ak FMLA Maine nan, lè sa aplikab. Anplwayè ki soumèt anba FMLA federal la ak FMLA Maine nan ta dwe suiv pwosesis nòmal yo pou yo bay konje annakò ak pwogram sa yo.

Gen kèk absans y ap apwouve sèlman annakò ak PFML Maine oswa federal/FMLA Maine, men se pa nan kad lòt pwogram, sitou akòz règleman kalifikasyon ki diferan ak motif konje avèk kouvèti ki diferan. Kenbe sa nan lespri nou, donk, anplwaye yo pa ka chwazi pran yon konje epi “konsève” lòt konje a pou pi ta. Si yon anplwaye itilize FMLA federal oswa pa Maine san PFML Maine nan anmenmtan nan pandan ane ki te pase a, epi anplwayè a bay dokiman sou sa, konje san pèman ki pa fèt anmenmtan an ap redui nan kantite lè PFML Maine anplwaye a ka jwenn. Anplwayè a ka bay Administratè a dokiman sa a aprè l fin okouran de demann anplwaye a pou PFML Maine.

75. Èske yon anplwayè ka toujou mande dokiman medikal annakò ak Lwa federal sou Konje Familyal ak Maladi ak lòt lwa yo?

Wi. Anplwayè ki soumèt anba lwa federal FMLA ak FMLA Maine nan ka toujou suiv pwosesis nòmal yo pou yo konfime epi bay konje annakò ak lwa sa yo. Yon anplwayè pa gen dwa ak enfòmasyon medikal yo bay Administratè PFML Maine nan.

76. Èske gen sitiyasyon kote yon anplwaye ka pa kalifye ni pou FMLA ni pou PFML anmenmtan?

Wi. Malgre entansyon lwa a se limite kantite semèn konje yo bay anplwaye yo pou l pa plis pase 12 semèn konje pa ane prestasyon anrapò ak divès lwa sou konje, sa pa toujou posib akòz estrikti diferan lwa.

Sa ka rive gen moman kote yon anplwaye kalifye pou l pran PFML Maine, men li pa kalifye pou l pran FMLA – tankou nan premye ane travay ak yon nouvo anplwayè oswa pou manm fanmi ki kouvri anba lwa PFML Maine nan, men ki pa anba FMLA.

Epitou, sa ka rive yon anplwaye kalifye pou FMLA federal oswa Maine nan, men li pa kalifye pou PFML Maine nan. Pa egzanp: si yo voye demann PFML Maine yon anplwaye akòz yon gwo kontrent bò kote anplwayè a, anplwaye a ka toujou gen dwa pran konje FMLA federal oswa Maine nan san peye si l kalifye. Anplis, anplwaye yo gen dwa pou yo pran konje FMLA pa tranch ki pi kout pou konje okazyonèl (pa egzanp tranch 15 minit), men pi piti tranch lè ki disponib pou PFML Maine nan se lè.

Anplwayè yo dwe konte konje non peye FMLA Maine nan jan yo konn abitye fè sa. Administratè a ap konte itilizasyon PFML Maine nan epi l ap adapte tan yon fason apwopriye lè anplwayè a fè l konn sa.

Pwoteksyon Travay Anplwaye a & Avantaj yo:

77. Èske anplwaye yo benefisye yon pwoteksyon travay pandan konje PFML la?

Wi. Anplwaye yon anplwayè te anplwaye pandan 120 jou youn dèyè lòt pou pi piti anvan l te pran konje PFML la gen dwa ak:

- Pwoteksyon Travay: Yo dwe remete yo nan menm pozisyon an oswa yon pozisyon ekivalan lè yo retounen.
- Pwolonje asirans maladi a: anplwayè yo dwe kenbe kouvèti a nan menm kondisyon yo tankou anplwaye a pa t an konje.

78. Èske pran PFML la afekte kapasite anplwaye yo pou yo gen avantaj (tankou Konje Peye (Paid Time Off, PTO) oswa bonis)?

Non. Pran FML pa afekte dwa yon anplwaye pou l ogmante oswa resevwa lòt avantaj. Pandan konje a, anplwaye a toujou gen dwa ak:

- Sanble konje peye ak konje maladi (si politik anplwayè a prevwa konje sa yo).
- Kontinye sanble prim asirans yo, pwomosyon yo, ane nan travay la oswa sèvis kredi.
- Kontinye patisipe nan plan avantaj yo oswa pwogram yo.

Sa vle di anplwayè a dwe trete peryòd konje a tankou anplwaye te travay nòmalman pou l jwenn avantaj sa yo.

79. Ki sa k ap rive asirans maladi anplwaye a pandan konje PFML la?

Pandan konje a, anplwayè yo dwe:

- Kenbe kouvèti asirans maladi anplwaye a.
- Kontribye nan prim asirans yo nan menm nivo a tankou anplwaye a t ap travay.
- Anplwaye a toujou rete responsab pèman pati pa l la nan prim asirans yo.
- Kenbe kouvèti a nan menm kondisyon tankou anplwaye a pa t pran konje.

80. Kòman pwoteksyon travay la aplike pou anplwaye ki pran konje san yo pa fè anplwayè a konn sa?

Yon anplwaye dwe enfòme anplwayè l la nan yon dèle rezonab konsènan entansyon pou l pran konje epi li dwe fè sa kou sa posib sizoka l ap itilize konje an ijans. Si yon anplwaye pa bay yon preyavi ki rezonab aprè l fin kòmanse yon konje an ijans, si l pa respekte egzijans anplwayè a konn abitye fè konsènan preyavi pou absans nan travay, epi montre pa gen okenn sikonstans ki pa nòmal oswa ki espesyal ki anpeche anplwaye a bay yon preyavi rezonab, kidonk, anplwaye a ka pa gen dwa ak pwoteksyon travay la si Administratè a apwouve konje a.

81. Ki rapò ki genyen ant prestasyon PFML yo ak konje peye (paid time off (PTO)) yon anplwaye sanble?

Selon lalwa, yon anplwayè pa ka fòse yon anplwaye itilize PTO (tankou konje anyèl, konje maladi, epi/oswa Konje Peye Rasanble) pandan yon konje PFML oswa pou l pran tout PTO li yo

anvan l pran PFML la. Sonje prestasyon PFML yo pa ranplase tout salè regilye yon anplwaye. Kidonk, anplwaye yo ta renmen itilize kèk PTO pou yo konble eka sa a (yo souvan rele yon “konpleman (top up)”). Sa ka ede yon anplwaye fè menm kantite lajan li konn touche chak semèn nan. Epitou, sa ka ede nan gananti rediksyon sou salè a – pou bagay tankou plan asirans sante – kontinye san kanpe. Yon anplwayè dwe pèmèt yon anplwaye itilize tan li sanble kòm “top up,” annakò ak règleman PTO a ak lwa ki aplikab la. Yon anplwayè ka annik chwazi peye anplwaye a montan an pou l konble eka a san anplwaye a pa oblije itilize PTO a.

Nan tout sikonsatans, pwogram PFML la p ap redui prestasyon yo peye pou yo konble pèman “top up” yo itilizasyon PTO yo. PFML pa fèt pou l mennen nan sitiyasyon kote anplwaye yo fè plis lajan nan yon semèn pase sa yo t ap fè si yo t ap travay. Anplwayè yo dwe asire yo montan yo bay kòm “konpleman an (top up)” (oswa montan anplwaye yo resevwa pa mwayen PTO a), ki asosye ak prestasyon PFML yo a, ki pa depase yon estimasyon ki pwòch ak montan yo fè pandan y ap travay la.

82. Kòman mwen ka ede anplwaye m yo benefisye "avantaj (top up)" sa a anvan nou konnen konbyen y ap resevwa nan prestasyon PFML Maine yo? E kòman mwen ka ede anplwaye m yo kontinye touche salè yo pandan y ap tann tretman demann PFML Maine yo, pandan yo konnen yo ka rive jwenn prestasyon yo, e yo pa sipoze resevwa prestasyon ansanm ak salè regilye yo?

Yon anplwayè ka kontinye peye anplwaye yo pandan y ap tann yo jwenn prestasyon PFML yo. Yo ka konsidere pèman sa yo kòm yon avans sou revni kap vini, kote yo ka retire l sou pwochen salè a si pi devan anplwaye a jwenn prestasyon PFML Maine nan pou menm semèn nan, depi anplwaye a bay akò l alekri ak aranjman sa a.

83. Kòman lòt pèman ki soti nan lòt pwogram anplwaye m yo ka jwenn afekte prestasyon PFML yo?

Sa pral depann de ki lòt pèman anplwaye w la resevwa.

Selon lalwa, y ap redui prestasyon PFML yo dola pou dola pou nenpòt pèman yon anplwaye ap resevwa an menm tan nan men:

- Asirans Chomaj Piblik
- Dedomajman travayè, eksepte pou prestasyon enkapasite an pati akòz yon blese ki rive anvan demann PFML la
- Tout pwogram gouvènman an ki gen yon enkapasite akoutèm oswa alontèm (tankou Asirans Enkapasite Sekirite Sosyal)
- Yon plan asirans Enkapasite alontèm avèk anplwayè w gen kounye a oswa ou te genyen anvan sa

Administratè a ap mande anplwaye w la si l resevwa pèman ki soti nan nenpòt nan pwogram sa yo lè y ap fè yon demann. Administratè a ap fè w konnen gen yon nouvo demann yo fè epi l ap ba w okazyon pou w pataje tout enfòmasyon ou ta ka genyen sou pèman ki soti nan youn nan pwogram sa yo. Si yo kalkile prestasyon PFML yo epi yo peye yo, epi, Administratè a vin

aprann pi devan anplwaye a te jwenn pèman youn nan pwogram sa yo, anplwaye a ap remèt lajan yo te dwe retire sou prestasyon PFML yo.

Yo P AP redui prestasyon PFML yo pou rezon sa yo:

- Prestasyon plan asirans enkapasite akoutèm antrepriz ou a
- Pèman “Top up” ou chwazi bay anplwaye w yo pou yo ka rive a 100% pèman yo konn abitye resevwa
- Salè ki soti nan PTO anplwaye yo chwazi itilize pou yo ka fèt tèt yo rive a 100% pèman yo konn abitye resevwa
- Dedomajman akòz aksidan travay nan ka enkapasite ki pa total pou yon blese ki rive anvan demann PFML la